

PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou
Rete fidèl nan swen ak tretman
(Aderans)**

5



USAID HAITI
ED PEP AMERIKEN

PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou
Rete fidèl nan swen ak tretman
(Aderans)**





Lè seyans la fini, patisipan yo ap kapab :

- *Eksplike sa sa vle di “aderans nan zafè swen ak trètman pou sida” epi ki avantaj sa genyen sou lavi yon moun kap viv ak jèm Sida, sou tout kominote kote lap viv la, epi sou tout peyi a.*
- *Idantifye ki aksyon ki necesè pou ede yon moun kap viv ak jèm sida a rete fidèl nan swen ak trètman.*



Dire dyalog la: 3zèdtan

Dewoulman seyans lan

1. Entwodiksyon (10 minit)

- *Di patisipan yo bèl bonjou, mande yo kouman rèz fanmy yo ye.*
- *Mande patisipan yo chita an wonn, si sa pat deja fèt.*
- *Mande yon patisipan pou fè yon rezime pwen kle ki te diskite nan seyans anvan-an*
- *Mande kèk lòt patisipan pou konplete*
- *Korije ou menm oswa konplete si sa nesèsè*
- *Pwezante sijè ki pral diskite jodi a pandan wap eksplike ki konsekans li genyen sou lavi yon moun kap viv ak VIH, sou tout kominote kote lap viv la epi sou pwogram VIH la.*

2. Brase lide sou tèm : rete fidèl nan swen ak trètman pou sida. (15)

- Mande patisipan yo, ki sa zafè “rete fidèl swen ak trètman pou sida” vle di ?
- Ki jan yo menm yo konprann li ?

Koute tout repons yo. Ankouraje tout moun pale epi fè yon ti ranmase.

3. Mennen diskisyon sou videyo a

Pase videyo-a (15 minit)

- Pwezante fim nan, pou di se yon videyo men se yon reyalyte li ye. Nou pral konprann pi byen ki konsekans mode lage nan swen ak trètman ka genyen pou yon moun kap viv ak jèm sida. Fòk tout moun swiv byen epi koute avèk atansyon
- Kite videyo-a pase.

Brase lide sou temwayaj la. (60 minit)

- Fè yon brase lide pou patisipan yo rive di ki sa yo konprann nan temayaj sa a.
- Koute tout repons yo. Fè yon ti ramase lide yo tan-zantan. Sèvi ak kesyon sa yo :

Sou zafè respekte randevou.

- Daprè sa nou te wè nan videyo-a, ki reyaksyon Marie Jocelyne te genyen :
 - o Lè li resevwa rezilta tèst VIH li a ?

- o Lè li te vin konnen mari l ak 2 pitit li yo pa te gen jèm sida?
- *Eske li te aksèpte ke li genyen jèm Sida a vrèman nan san li ? Pouki sa ?*
- *Dapre nou menm, ki rezon ki fè li te difisil pou Marie Jocelyne pa te aksepte rezilta tès sida li a ?*
- *Kisa Marie Jocelyne te fè lè Miss ak doktè yo te ba li randevou ? pouki sa se konsa li te aji ?*
- *Ki konsekans sa te genyen sou sante li ? sou fanmy li ?*
- *Dapre nou èske genyen moun kin genyen menm konpòtman ak Marie Jocelyne nan zòn nan ?*
- *Ki konsekans sa kap genyen sou kominote a ?*
- *Ki avantaj moun ki enfekte ak jèm Sida genyen pou l swiv kòm sadwa nan yon sèvis prizanchaj ?*
- *Fe ranmase*
- *Ann fe yon sonje sa nou te wè nan videyo a*

Sou zafè swiv trètman san mode lage

- *Ki remèd Marie Jocelyne te konn pran ?*
- *Ki sa li te konn fè ak medikaman ARV yo te ba li nan sant la ?*
- *Dapre nou Pouki sa li te konn aji konsa malgre konsèy miss ak doktè yo?*
- *Ki konsekans konpòtman sa a te genyen sou Marie Jocelyne ? sou fanmy li ?*
- *Ki sa nou panse sou konpòtman Marie Jocelyne nan sans sa a ?*
- *Dapre nou ki lòt rezon, nou konnen, ki konn fè yon moun kap viv ak jèm sida pa swiv konsèy mis ak doktè yo ?*

- *Ki konsekans konpòtman sa a kapab genyen sou tout yon kominote ?*

Kite patisipan yo reflechi epi diskite pou yo wè sa ka rive jis nan lanmò PVVIH la, divizyon nan fanmy la, pwoblèm timoun nan lari, dèlenkans ak anpil lòt pwoblèm nan sosyete a.

- *Aprè tout moun fin pale, mande yo, dapre sa yo te konprann nan videyo-a, ki sa ki te chanje nan konpòtman Marie Jocelyne ?*

Bay patisipan yo yon ti tan pou di tout chanjman pozitif Marie Jocelyne yo...

- *Ki sa ki te fè Marie Jocelyne te pran desizyon pou chanje konpòtman li yo?*
- *Ki avantaj li te jwenn ak nouvo konpòtman an ?*
- *Kiyès ki te ede li kenbe nouvo konpòtman sa a ?*
- *Kòman nou menm nou kapab fè pou ede yon moun kap viv ak jèm sida swiv trètman ? ki sa nou nou ka fè ?*

Toujou sonje Fasilitatè a dwe bay patisipan pale pou yo rive di tout move konpòtman yo tankou (pa vle akseptè li pozitif, pa pran medikaman elatriye).

Anvan nou fini ak pati sa a, mande 2 - 3 patisipan fè yon rezime pwen enpòtan nan diskisyon ki sot fèt a. Koute tout repons yo , konplete si sa nesesè. Remèsye yo epi di yo: nou pral fè yon lòt egzèsis.

4. Reflechi sou kòman yon moun kap viv ak jèm sida a ka fè pou l rete aderan nan swen ak trètman.

(20 minit pou travay nan gwoup la - 30 minit pou gwoup yo prezante).

- Fòm 3 gwoup ak patisipan yo epi ba yo istwa "Elide" ya (Metè istwa a sou 6 ou 9 ti papyè pou yo, 2 ou 3 nan chak gwoup). Di yo kounye ya, yo pwal li epi eseye konprann sitiyasyon ki pwezante a. Yo pwal idantifye ki efò Elide te fè sou tèt li, poul vin-n aderan ? wè kijan sa te aji sou li nan moman sa a ?
- Di patisipan yo, yo pwal sèvi ak kesyon ki anba istwa a pou mennen diskisyon yo.

Istwa « Elide »

Elide se yon fanm 42 zan, li genyen 3 pitit lap viv nan Leta, yon ti lokalite ki nan nòdès peyi a. Li tap viv byen jiskaske li te tombe ansent twazyèm pitit li epi li vin konnen lap viv ak jèm sida a nan sanl. Depi lè sa a se te yon kalvè pou li : mari a kitel paske li pè ; li sibi diskriminasyon nan men pwòp zanmi l. Vwazin l ap make li lè yo konnen li enfekte ; sitistasyon l pa te fasil ditou.

Li te rive pa menm nan pa ka manje, li pat ap travay. Li te ak-septe pran medikaman ARV miss ak doktè yo ba li a poutèt ti bebe a li te swouete fèt an sante. Men apre ak-ouchman an, sante li te parèt bon ; kòm li te santil li pa pi mal, li sispann pran ARV yo ; li pa pran lòt medikaman yo epi li pa kontinye ale nan randevou nan sant sante a.

8 mwa apre li te kite medikaman yo, li vin malad, se te yon fyèv san rete, feblès nan tout kòl, li megri nèt, li pa menm ka mache. Yon ti sè li ak premye pitit li a pale ak li sou entotans medikaman ARV yo. Yo deside mennenl nan sant sante a pou re pran n trètman l ak konsèy miss ak doktè yo.

A la fen, Elide te reprann trètman l ak ARV yo nan gwo di-fikilte. Efè segondè yo te vle fèl kouri; li te rete byen lwen sant la epi se a pye poul te ale nan randevou yo. Men lavi li te vin ap reboujonnen. Jodia, Elide ap viv byen gras ak tout konsèy dòktè yo. Li pran medikaman l chak jou, nan lè pou l pran yo, li deside pou l pa janm fè erè sa a ankò.

Elide tèlman ap defann trètman ARV yo, li se akonpayatè pli-zyè lòt malad ki sou trètman ARV. Sa vle di, li bay tèt li poul ede lòt moun kap viv ak jèm sida a viv pi byen: rekonfòte yo, ankourage yo pran medikaman yo, swiv randevou ak konsèy miss ak dotè yo, ede yo jere pwoblèm èstigmatizasyon yo elatriye.

Kesyon pou refleksyon sou istwa Elide ya :

- *Ki pi gwo pwoblèm ou byen difikilte Elide te gen poul jere nan lavi l ak jèm sida a?*
- *Lè Elide aprann lap viv ak jèm sida a, ki desizyon li te pran pa rapò a medikaman ARV yo ?*
- *Pou ki rezon li te deside pran medikaman ARV yo ?*
- *Ki rezon ki fè li te kanpe sou medikaman yo ?*
- *Kiyès ki te byen bay Elide konsèy ak sipò pou reko-manse trètman li yo? Ki jan yo te fè sa?*
- *Kijan nou konpran konpòtman pitit ak ti sè Elide yo ?*
- *Ki leson nou kap tire nan sa yo fè a ?*
- *Ki avantaj Elide tire nan bon konpòtman li vin genyen an? ki jan sa vi-n chanje lavi sosyal ak lavi ekonomik li ?*

Chak gwoup ap genyen yon rapòtè pou bay dizon gwoup la nan refleksyon yo pwal fè sou kesyon yo.

Fasilitatè a ap fini ak istwa a nan yon ramase lide pandan lap fè pwèn sa yo soti nan rapò gwoup yo:

Yon moun ki enfekte ak jèm sida kapab viv byen si li pran desizyon pou li :

- *Toujou rèspekte randevou ak konsèy mis ak doktè yo.*
- *Mete moun nan fanmy li o kouran. Yo ka ede li pi devan.*
- *Toujou pran medikaman ak ARV yo tout lavi li jan doktè yo prèskri yo a.*
- *Konprann ke efè segondè medikaman yo ap pase si li rete fidèl sou trètman an.*
- *Konprann ke menm si li vi-n santi l byen, li pa dwe kite medikaman yo pou sa. Si l fè sa, lap vi-n pi mal ke jan li te ye avan an.*

- *Planifye lavi li ansanm avèk trètman li paske yonn depann de lòt.*

5. Rafrechi memwa (10minit)

- *Mande yon patisipan fè yon rezime sou pwèn enpòtan ki sot diskite nan seyans la.*
- *Koute repons yo epi mande kèk lòt patisipan konplete jisksake yo di tout pwèn enpòtan yo.*
- *Fasilitatè a ap konplete si sa nesesè.*

6. Tablo chanjman (10 minit)

Fè patisipan yo sonje pouki sa yo vin nan seyans sa yo: bi aktivite sa yo, se pou pote chanjman epi ede moun rive adopte konpòtman ki pi bon pou sante yo, ou pral ba yo yon fèy ki genyen yon tablo ki rele tablo chanjman. Chak moun pra-l ranpli l selon jan li santi l apre lide nou sot brase ansanm pandan seyans sa a sou. «*aderans* » ou byen «*rete nan swen ak trètman ARV*»

Bay chak patisipan yon fèy tablo chanjman an.

- *Mande yon patisipan pou li enfòmasyon ki genyen nan tablo-a*
- *Eksplike tout sa ki ekri nan tablo-a pou patisipan yo jiskaske yo byen konprann li*
- *Di patisipan yo, pran yon ti tan pou yo ranpli tablo-a si yo vle fè sa nan menm moman-an. Osinon yo kapab ranpli-l lakay yo.*
- *Mande yo pou pote tablo ranpli a lè yap vini nan prochen seyans-la.*

7. Evalyasyon seyans-la (5 minit)

- Mande patisipan yo pou yo di kouman seyans-la te dewoule, dapre yo. Sa vle di, yo pral di, sa ki te bon ak sa ki merite chanje konsa lòt seyans yo ap fèt pi byen.
- Mande patisipan yo pou bay seyans la yon nòt :
 - 1 = pa satisfè di tou ;
 - 2 = pli ou mwens satisfè;
 - 3 = Satisfè yon ti kras;
 - 4 = satisfè ;
 - 5 = Bon anpil, mwens kontan-l.

Fasilitatè a ap note repons patisipan yo pou li fè yon sentèz

- Mande yo ki bagay yo te pi renmen epi kisa yo ta renmen ki pou chanje pou seyans yo ta pi bon.
- Koute repons yo pou w ka pote koreksyon ki posib nan lòt seyans yo.

8. Klote ak randevou (5 minit)

- Di patisipan yo mèsè pou patisipasyon yo epi envite yo bat bravo pou tèt yo.
- Mande yo di ki pwochen randevou nou genyen, ki jou, ki lè, ki kote.
- Ankouraje yo pou tout moun vini a lè pou nou ka genyen kont tan pou lòt seyans la.



NÒT POU MOUN KAP MENNEN SEYANS SOU : « ADERANS OU RETE NAN SWEN AK TRÈTMAN ARV »

Ki sa nou dwe konnen sou rete fidèl nan swen ak trètman pou sida ” aderans?

Aderans nan yon pwogram: Se lè yon moun rete kole, fidèl ak pwogram sa a, malgre difikilte li kapab rankontre. Se lè moun sa a rete swiv ak pwatike tout dizon pwogram nan genyen avèk li pou yo genyen bon rezilta.

Pou yon pwogram tankou pwogram prizanchaj VIH la, nou kapab wè kesyon sa a nan de sans :

1. *Aderans nan swen ak konsèy pou moun ki enfekte ak jèm sida a. Nan randevou li ak nan pratike konsèy pwogram sa a ap bay.*
2. *Aderans nan pran medikaman ARV ak lòt medikaman yo.*

Dapre etid ki fèt nan sans sa a yon moun konsidere kòm aderan si li swiv fidèl nan medikaman ak tout lòt randevou li pandan 2 zan pou pi piti nan pwogram prizanchaj la.

Kòman “pa aderan” manifeste?

Li ka manifeste an plisyè fason :

- *Pa vin nan randevou ditou*
- *Vini nan randevou yon lè konsa*
- *Toujou vini nan randevou men pa aplike konsèy mis*

ak dok-tè yo

- *Vin pwan medikaman yo yon lè konsa*
- *Kòmanse bwè medikaman yo epi kite sa lèw santiw byen*
- *Jete medikaman yo, pa bwè yo. Elatriye....*

Kòz yo

Anpil bagay kapab lakòz yon moun pa rete kole nan pwogram nan:

- *Pè èstigmatizasyon/diskriminasyon*
- *Fo kwayans (mò sida)*
- *Manke enfòmasyon*
- *Move akèy nan sant sante ak lopital yo*
- *Efè segondè medikaman ARV yo*
- *Pa devwale èstati ou byen rezilta tèst yo*
- *Evolisyon rapid yon moun kite twò malad. Elatriye.*

Konsekans

Li enpòtan poun konnen lè yon moun kap viv ak jèm sida a pa aderan nan pwogram prizanchaj la, konsekans konpòt-man sa a grav anpil sou lavi li ak sou tout kominote kote lap viv la:

- *Moun sa a pral genyen poul souffri ak enfeksyon opòtinis yo pi bonè. Sa vle di lap rive byen vit nan stad sida a epi si sa pa chanje, lap mouri anvan lè li.*
- *Gwo pèt pou fanmy ak timoun moun sa a ki vin òfelen twò bonè.*
- *Dèlenkans, pwoblèm sosyal elatriye.*

- *Yon lòt kote, li ka vin devlope sa yo rele « rezistans » avèk medikaman yo ki se yon gwo danje ankò ni pou li, ni pou peyi a.*

Kominote sa a ekspoze anpil ak jèm sida a kòz de moun sa a ki enfekte men ki pap pran medikaman.

Program nan vinn yon pwa lou pou sistèm santé a ki toujou ap pèdi moun. Paske anpil malad ap absan epi mouri tou.

Wòl yon akonpayatè nan jere aderans

Li enpòtan anpil pou yon moun ki enfekte pale de rezilta tè s li ak youn ou byen plizyè lòt moun li fè konfyans. Anplis de tout wòl akonpayatè a jwe pou li, si li vinn nan yon sitiyasyon ki grav, si li pa ka al chache swen ou byen medikaman, se akonpayatè sa a kap edel.

Kòman ou kapab jere aderans ou pi byen?

- *Jwenn yon mwayen pou pale de rezilta tè s ou ak patnèw seksyèl ou.*
- *Toujou envite patèw al fè tè s li – se sèl mwayen poul kap konnen sitiyasyon l pa rapò ak jèm sida a.*
- *Pale de èstati w ak lòt moun ou fè konfyans (fanmy, zanmy).*
- *Rete kole ak konsèy miss ak doktè yo. Toujou al chache swen nan sant santé ak lopital yo.*
- *Toujou pran medikaman w chak jou, nan menm lè a, pou tout lavi w, menm si w santiw byen, jan doktè yo pwèskri w yo a.*
- *Si sa posib, pwan medikaman yo ansanm ak yon akti-*

vite ou abitye e oblije fè chak jou e w pap janm bliye

Konsèy jeneral pou patisipan yo:

- Rezilta tè s diferan ant 2 patnè pa vle di enfidelite nan mitan yo. Se sa yo rele « koup serodiskòdan » an.
- Patnè yo dwe toujou sèvi ak kapòt pou pwoteje lòt patnè a.
- Menm si tou 2 patnè yo pozitif, yo dwe toujou sèvi kapòt pou pwoteje tèt yo kont lòt mikwòb yo yonn kap bay lòt.
- Fanmy, zanmi pafwa menm kominote a kap ede yon moun ki enfekte ak jèm sida a viv byen. Chache konnen a ki ès pou nou pale de rezilta tè s nou.
- Menm si wap pwan medikaman ARV yo, ou dwe toujou sèvi ak kapòt epi fè bese kantite patnè w si sa nesèsè paske ou ka toujou re pran plis viris siw pa pran prekosyon.
- Depi ou fidèl nan pran medikaman yo lè kòw fin abitye ak yo, efè segondè yo ap bese e menm pase nèt san pèdi tan.
- Toujou sonje medikaman yo ap fèw viv pi byen, pi lontan men se yon trètman pou tout lavi yo ye.
- Pa pran nan kraponnay « èstigmatizasyon ak diskriminasyon » lòt moun ap fè sou yo, toujou ale nan randevou w.
- Aksèpte ke nenpòt moun ka pran enfeksyon VIH la – se pa « mò sida li ye ».
- Patisipe nan tout aktivite gwoup sipò tout otan sa ne